

БЕРГЬЕНЛЪИ

**Хъалишса Башир – рагъул гІахьалчи**

Стр. 2

ПИКРУ

**Телефонги херавги**



Стр. 2


# ЛЪАРАТIА



**ЛъаратІа районалъул газета**

**№ 8 * май 2016 с.** **Газета биччала моцІида жаниб кІиго нухалъ.** **Багьа 10 гъ.**


*бергьенлъи*

# Щивго кІочон гьечІо

## *ЛъаратІа бергьенлъиялъул къо*

**Иргадулаб, щибаб лъагІалида тІолабго улкаялъ кІодо гьабулеб, кІудияб бергьенлъиялъул къо кІодо гьабиялъул байрам тІобитІана ЛъаратІаги. Щибаб лъагІалидаса цІикІунеб буго гьеб кІудияб къо баркиялъе гьабулеб тІалаб, кІвар. Гьелъул хІасилги буго нилъеда бихьулеб. Гьоркьисеб соналда данде ккун исана цІикІун жаваб-чилъиялда ва борхатаб даражаялда тІобитІана бергьенлъиялъул байрам.**

КидагогІадин 9 май районалда нилъее лъугьана лъагІалида жанир тІоритІулел байрамазул аслияблъун. Бергьенлъиялъул къо гІадин районцоязул кІвар буссинабулеб ва халкъ гІемер бакІарун тІобитІулеб байрам щибниги букІунаро ЛъаратІа. Кутакалда берцинаб ва гІадлу бугеб къагІидаялъ байбихьана парадги. Гьеб цебеккунго хІадурлъи гьабун, киналго бегавулзабиги идараязул бутІрулги



ТІолабго Совет хІукуматалдасаго гІадин нилъер гІагараб ЛъаратІа районалдасаги ана рагъде гІолохъаби, эбел-инсул лъимал, лъудбузул росал, лъималазул умумул. Дуниял бижаралдаса нахъе тарихалда жаниб, бищунго вахІшияб, бищунго гІемер биял гІодоре тІураб ва камиял ккараб рагъ-лъун рикІкІуна КІудияб ВатІанияб рагъ. Нилъер пачалихъалъул 26 млн чи къаникье ана ракълилаб ва рохалилаб гІумру нилъее щвеялъе гІоло. Амма исанасеб бергьенлъиялъул къо нилъее дагьабги пашманаблъун лъугьана.

Гьаб ккана тІоцебесеб Бергьенлъиялъул къо нилъее, районалда цониги рагъул гІахьалчи хутІичІеб. Гьоркьисеб соналъ нилъеда цадахъ вукІарав мунагьал чураяв Кьардиб росулъа ШагІбан ГьитІинов Аллагьасул къадарги щун нилъедаса ватІалъана. Гьев вукІана нилъер районалда цо хутІарав рагъул гІахьалчи.

Аллагьас ахират лъикІаб хъван батайги гьесие.

данде ракІарун, кІудияб хІаракаталда тІобитІараб тадбир букІана.

ГІемерал батІи-батІиял банераз, рагъул гІахьалчагІазул суратаз, парадалда цере рекерулел чуяз, культурияб рукъалъул, миллияб ретІа-къай бугел васазгун ясаз парад тІубанго берцинаблъун ва гвангъараблъун гьабулеб букІана. Хасго парадалъе цо батІияб нур кьолеб букІана СултІан Ибрагьимовасул цІаралда бугеб спортивияб рукъалда цебе гьабураб рагъул гІахьалчагІазул памятникалъ. Районалъул аслияб къватІ чІван, рагъулал кучІдулги ахІун унеб кьокьаялъ рекІее асар гьабулеб букІана.

Районцояз цІакъ кІудияб къимат кьуна Бергьенлъиялъул къо тІобитІиялъе. Кидаго гурелъул гІадатияв росдал чиясдаса гьединал хинал рагІаби нухмалъиялъе щолел. Гьелъ бихьизабулеб буго кинабго байрам тІадегІанлъиялда араблъи. Празд-ник тІобитІиялда хурхун киналго суалал рорхараб хасаб данделъиги тІобитІун букІана цебесеб кьоялъ.

Районцоязда Бергьенлъиялъул къо баркизе цеве вахъана тІоцебесеб иргаялда районалъул бетІер Ражаб Ражабов. Гьес зигара бана рагъда хварал, тІагІарал районцоязул гІагарлъиялда, баркана жамагІаталда КІудияб Бергьенлъиялъул къо, ракІалде щвезаруна рагъул гІахьалчагІи, гІетІ тІун фронт хьихьарал рагъул тилалъул ветеранал, киналго Бергьенлъиялда гІахьаллъи гьабурал районалъул захІматчагІи. Гьелда цадахъ баркана нилъер районцояз лъагІалида жанир росарал кІудиял бергьенлъаби спорталъул рахъалъ. Гьезие кьуна батІи-батІиял шапакъатал, киналго спортсменал гьенир рукІинчІониги, гьезул гІагарлъиялъухъе кьуна кодор. Гьединго районцоязда Бергьенлъиялъул къо баркизе цере рахъана районалъул хІакимзаби, динияб идараялъул церехьаби ва спортсменал. Гьезда гьорлъ рукІана: Райсобраниялъул председатель ГІабдула ГІабдулаев, ЛъаратІа рагъулаб комиссариаталъул нухмалъулев МухІамад МухІамадов, динияб идараялъул вакил Ибрагьим-хІажи ГІалиев, районалъул бетІерасул заместителал Рамазан ГІабдулхаликъов, Мадина Саидова, ХІажи МухІамадов ва гь. ц.

ГІадатлъун билъараб буго цере рахъун баркулезда хадуб культурияб рукъалъул хІалтІухъабазе ва тІаде рачІарал гьалбазе рагІи кьолеб. Миллияб ретІа-къаялда цере рахъун кьурди гьабуна ЛъаратІа культурияб рукъалъул ансамблялъ, Къамилюхъ культурияб рукъалъул хІалтІухъабаз бихьизабуна берцинаб кьурди ва батІи-батІиял номерал. Гьединго 9 май кІодо гьабун нилъехе щвана республикаялдаса нилъерго кочІохъаби ТІавус МухІамадова, ГІайшат Насрулаева, Рукъият МухІамадова ва Шамиль районалдаса ГІарип ГІариповгун Манарша Хираеваги. Кутакаб кеп кьуна районцоязе гьезул берцинаб гьаракьги биччан ахІулел кучІдуца. Стадион цІураб халкъалъ кутакалда хъатги кьабун кьабул гьаруна кочІохъаби. Бергьенлъиялъул гІаламатал гІемер рукІана районалда 9 маялъ. ГІицІго парадалда ва кьурдиялда лъугІичІо Бергьенлъиялъул къо. Жеги гІемераб цебе букІана. Праздникалъул хадусеб бутІа букІана эркенаб гугари школалда цІалулел гІолилазда гьоркьоб. Гьенир гІицІго районалда цІалулел лъималазда гурони гІахьаллъи гьабизе ихтияр гьечІо. Дора-гьанир шагьаразда цІалулел лъималазе ихтияр гьечІо гІахьаллъизе.

Гьединаб хасаб, гвангъараб лъугьана нилъер районалъе иргадулаб Бергьенлъиялъул къо кІодо гьабураб байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъи, рохел, халатаб гІумру ва ракьалда тІад киназего ракълилаб ва тІадегІанаб гІумру.

Хабар лъикІаб рагІайги.

**Расул АБАКАРОВ**

## Баркула Бергьенлъиялъул къо!

ЛъаратІа администрациялъ баркулеб буго киналгІаги рагъазда гІахьаллъарал, рагъулал аскаразда хъулухъ гьабулел бахІарзазда, бихьиназда, руччабазда ва тІолабго районалъул жамагІаталда КІудияб Бергьенлъиялъул къо.

Гьеб ккола ВатІан цІунулаго батІи-батІиял рагъулал авлахъазда рухІ босарал, тІадаб борчги тІубан тІадрусарал рагъухъабазул ва бергьенлъи гІагар гьабиялъе кІвахІ тун, гІетІги биги тІун рагъарал нилъер бахІарчиял умумул ракІалде щвезарулеб къо.

Биччанте щивав бахІарчи нилъер ракІазулъ хутІизе, гьезда релълъараллъун нилъги лъугьине ва нилъер лъимал гьелгІадин бахІарчияллъун рахъизе. ЛъаратІа районалдаса рагъул гІахьалчагІазда, гьезул гІагарлъиялда ва наслабазда баркулеб буго бергьенлъиялъул къо. Гьарула рагъулъ бахІарчилъи ва ракълилаб хІалтІулъ тавakkал ва къохІехьей.

Биччанте гьеб къо нилъер умумулги, гьезул бахІарчилъигун гьунарги ракІалде щвезабулеб кьолъун букІине кидаго.

**ЛъаратІа районалъул администрация**

## Къамилухъ росдал жамагІаталъ баркала кьолеб буго

**Гьава-бакъалда балагьичІого, кьокьаб заманалда жаниб Къамилухъ росдада цебе лъуна кІудияб кьо, тІаса машинаби хьвадизе бегьулеб. Гьеб кьо лъеялъе тІоцебе квербакъи гьабуна Къамилюхъ росулъа Ильяс ХІасановас.**

ГІолохъанаб заманалда республикаялда кІудиял хъулухъазда вукІарав, гІемерал соназда Ремзаводалъул нухмалъулевлъунги хІалтІарав, гьабсагІаталда МахІачхъалаялда гІумру гьабулев чи вуго Ильяс. Республикаялъул бетІер Рамазан ГІабдулатІиповасулгун гьесул цебегоялдаса нахъе лъайхьвайги буго. Ильяс ана нилъер республикаялъул бетІерасухъе гьеб кьо лъеялъул мурадалда ва гьес буюрухъ кьуна ихх бачІинелде кьо бан лъугІизабизе. ЛъаратІа ДЭПалъул нухмалъулев, ГІумар Мусаевас кІудияб хІаракат бахъана гьеб кьо кьокьаб заманалда жаниб бан лъугІизабизе. Къамилухъ росдал жамагІаталъ ракІ-ракІалъулаб баркала кьолеб буго гьеб хІалтІуе квербакъарал республикаялъул бетІер Рамазан ГІабдулатІиповасе, Ильяс ХІасановасе ва ГІумар Мусаевасе. Гьарулеб буго гьезие щулияб сахлъигун халатаб гІумру. Кьеги гьезие тавпикъ хаду-хадусалаги гьединал гІадамазе кьваригІарал шартІал тІуразе.

**Къамилухъ росдал жамагІат**

*бергьенлъи*

# Хъалишса Башир – рагъул гIахьалчи

## *ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго, тIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро...*

**МухIамадгIалиев Башир гьавуна 1913 абилеб соналъ Хадиял администрациялъул НикIар росулъ. Къоло кIиго сонил гIумруялде вахарабго 1935-1936 абилел соназда хIалтIизе байбихьана Кутлаб росулъ мугIалимлъун.**




РакIбацIадго жинда тIадаб хIалтIи тIубалев чи вукIана Башир, гьеб бихьулеб буго Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим абураб грамотаялъухъ балагьун. 1936-1939 абилел соназда гьев хIалтIана НикIар байбихьул классазул школалъул директорлъун. Хадувги 1939-1942 абилел соназда хIалтIана Хадиял ва ЧIорода школазул директорлъун. Киве щванигин гьес хIалтIи тIубалеб букIана ракIбацIадго, кIудияб жавабчилъиялда. 1942 абилеб соналда ана КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъизе. 1943 абилеб соналъул 14 абилеб маялда рагъда лъукъана гьодимокъалда гуллаги речIун ва медкомиссиялъ сахгьавизе виччана. Лъабго моцIалъ вегана Новороссийск шагьаралъул госпиталалда. Руго гьесие щварал гIезегIан медалалги орденалги, гьезда гьоркьоса батIа рахъизе ккола «Медаль за отвагу Кавказ», «Медаль за храбрость стойкости и мужества», «Медаль за трудовое отличие» ва гь. ц.

Рагъдаса нахъеги щварабго Башир хIалтIана 1943-1949 абилел соназда Хадиял школалъул директорлъун. 1949-1955 абилел соназда хIалтIана ЛъаратIа райкомпартиялъул председательлъунги. Жиндир гIумруялда жанив гьев хIалтIичIеб бакIгицин хутIичIо, хIатта нухал къачIалев устарлъунги хIалтIана. Гьев вукIана Аллагьас бахIарчилъиги гьунарги кIиябго кьурав магIарулав. 1955-1957 абилел соназда Башир хIалтIана Кутлаб колхозалъул председательлъун. Хадув нахъойги 1957-1961 соназда Хадиял школалъул директорлъун. 1960 абилеб соналъ кьуна гьесие Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим абураб цIарги. Гьеле гьединав чи вукIана мунагьал чураяв Башир.

*Спорт*

# ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго...

## *Гъукъал росулъ мини-футболалъул рахъалъ турнир тIобитIана*

**Маялъул 15 абилеб къоялъ Гъукъал росулъ тIобитIана кIиго праздник. Мини-футболалъул цIияб майдан рагьи ва нилъер районалдаса террористазда, экстремистазда данде кьеркьолаго Аллагьасул къадарги щун нилъедаса ратIалъарал, МВДялда хъулухъ гьабулел рукIарал гIолохъаби Заур АхIмадовги СагIидбег Ибрагьимовги ракIалде щвеялъул турнир.**

Гьенибго гьебго къоялъ тIобитIана цIияб мини-футболалъул майдан рагьиялъул тадбирги. ВатIан цIунулаго къаникье арал нилъер бахIарзал ракIалде щвезариялъул турнир тIобитIизе квербакъи гьабуна ЛъаратIа районалъул администрациялъ, ДЮСШялъ ва гьединго хварал гIолохъабазул гьудул-гьалмагъзабиялъгун школалда цадахъ цIалулел рукIарал классцоял гIолохъабаз. ГIемерал гIадамал ракIарана футболалъухъ балагьизе. Киналго районалъул отделазул хIалтIухъаби ЛъаратIа культурияб рукъалъулгун ДШИялъул хIалтIухъаби, батIи-батIияб миллияб ретIа-къайги ретIун кьурдулезул къокъа. Киналго росдал администрациязул командаби ва гьезие кумекалъе рачIарал гIолохъаби. Районалъул бищунго рикIкIадал росабалъаги щвана гIадамал. Районалъул нухмалъиялъул рагIабазда рекъон, ЛъаратIа футбол цебетIеялъе кIвараб квербакъи гьабизе буго. Щайгурелъул футбол бищунго гIемер халкъ балагьулеб ва гIадамазе бокьулеб спорталъул тайпа букIиналъ. ЛъаратIа районалда гьадинал мини-футболалъул майданал жеги разе руго, гьалдалъун лъугIизе гьечIоян абуна районалъул бетIер Ражаб Ражабовас.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна кинабниги 23 командаялъ, батIи-батIиял школаздаса. Гьединго турниралда гIахьаллъи гьабуна хварал гIолохъабазул гIагарлъиялъ, гьудул-гьалмагълъиялъ ва росуцояз. Гьеб 23 командаялда гьоркьоса тIадегIанал бакIазе мустахIикълъана Къамилухъ, ТIалцухъ ва СикIар школалъул командаби. ТIоцебесеб бакI Къамилухъ школалъул командаялъе, кIиабилеб ТIалцухъва лъабабилеб СикIар. Бергьарал командабазе кьуна тIадегIанал шапакъатал ва гIарцул сайигъатал. Районалъул нухмалъиялъ гьезие кьуна тIадегIанаб къимат, терроралдагун экстремизмаялде рагъ лъазабизе ва щибаб школалда футбол ва цогидаб бокьараб спорт цебе тIезабизе ахIана.

**ЧАКЪАЛОВ**



*хасаб пикру*

# Телефонги херавги

**ЦIияб заманалъул технологияз кьурал нус-нус лъикIлъабазда цадехъ руго гIемерал санагIат гьечIел жалги. Лъалеб жо буго гьал цо телефоналгун интернет, социалияб гьинал абурал жал раккаралдаса къоно чIвана чIагояб каламалдеги, гIадамазул рукIарал хIакъикъиял гьоркьорлъабаздеги.**



Цеве бусурманчи, магIарулав, Исламалъул нухги цIунун, умумузул гIадатги ккун иргадулаб рузман къоялъ сайигъат-саламгун цIикIкIарав, кIудияв гIагарав чи вихьизе, ялъуни эбел- инсухъе щвезе унев вукIун ватани, жакъа гьеб хисун буго ватцпалъул смайликалъ ва къватIул харбаздаса эркенлъарабго гьабулеб телефоналъул звонокалъ.

Доб цебесеб асарги, инсанлъиги, чияс чиясул гьабулеб къиматги къаникье анин абизе бегьула. ЦIияб заман ва цере тIурал технологиязул санагIалъаби руго нус-нус, амма гьел санагIалъабазда цадахъго хIакъикъияб рекIел асар ва инсанасул цоцадехун бугеб адаб чIванин абизе бегьула. ГIемераб интернеталъул рищни-къулалда жаниб батула гIезегIан пайдаяб, жакъасеб хIакъикъат бихьизабураб жоги. Гьелъие цо мисал.

Цо квачараб хасалил къоялъ телефонал къачIалеб мастерскаялде вачIун вуго хIалица вилълъунев херав чи. ТIуртIудулел кверацца чвантинисаги бахъун бегьун буго телефон гьеб къачIалев гIолохъанчиясухъе.

— Гьалъие щиб, кIудияв?

— Гьеб хун бугин ккола, дир вас, валагье мун гьелда... ГIолохъанчи валагьула, свинабула ва тIад буссун бакула, кинабго жоялъул хал-шал гьабула, амма кинго бичIчIуларо щиб алъул бугебали. Ваккула "контакты" абун хъвараб бакIалде, номеразухъ валагьизе. Гьениб цохIо телефоналъул номер гурони батуларо.

— Гьаб 8928 ... номер лъил, кIудияв? - ин гьикъула гIолохъанчияс нахъойги.

— Дир васасул... АхIмад буго гьесул цIар, Россиялда вуго... — ян хIухьел хехлъун кIалъазе лъугьуна херав, гьесул беразулъ букIуна балъгояб хьул, щибдай бицинеб гьав чияс васасул хIакъалъулъ абун. ГIолохъанчияс трубка кьола тIад буссун ва абула:

— ХIалтIулеб буго... гьалъул гIунгутIи гьечIо... - ян. Херав таманаб заманалъ хутIула гьалгъан асухъ валагьун, кодоб телефонгун, я кквезе, я лъезе бакI лъаларого.

— Араб соналъ босана аб... жиндир номери хъван букIана тIад ... – инги абун вуцIцIун чIола. Цинги жинца цо гIадамазда рагIизе кколареб жо абураблъиги бичIчIун, нечарав гIадинги лъугьун, къватIибе нух босула кIудияс. КъватIив гIазу балеб хасалил къоялъ таманав цо гьотIода гьоркь эхетун чIола гьев пикраххун. Сверухъ валагьула, гIадамазда бихьизе гурин нечон чвантиниб къазабураб телефон бахъула къватIиб, валагьула гьелъухъ ва кодоб свер-сведизабула. Босун аскIоб букIараб рищни-къулалъул ящикалъубе гьеби рехун, къватI чIван цевехун уна кIудияв. Щайха асие гьаб, лъицаниги ахIулареб?

Нилъеда гьаниб бихьулеб буго гьаб заманалъ инсанасул цоцадехун ругел гьоркьорлъаби ва рекIел асар цохIо загIип гьабун гуреб, тIубанго чIварал хIужабиги рукIин. Гьелдаса цояб буго тIадехун бачараб мисал. Чан батIиял гьел ратилел гьаб чин-хъулухалъеги, боцIи-рикъзиялъе сужа гьабулеб гIаламалда гьорлъ.

РакI-ракIалъ гьабулеб жо дагьаб буго, кинабго босун буго рияъалъ, ххвалие, гIадамазда цеве живго вихьизавизе бахъулеб хIаракаталъ. Гьадав лъагIелаца херав инсухъе кIалъаларев хъумур Россиялда кIудияб тахбакIги ккурав, гIемераб гIарац-боцIиги бугев чи ватизеги рес буго. Цо къоялъ херав къанцанин рагIарабаго вачIина дунял хвасар гьабулев вукIаралъуса ватIа гьавурав гIадин тагIзияталда кIусизе.

БарахщичIого кьела ас пиринчIулгун чакрил таргьаби ва кваназарила гIадамал. КIвар бугеб куцги гьабун пишацоязде абила: "Дица гIемер хIаракат бахъана Москваялде вачине, вачIинчIоха..." - ян. Ахир гIаламалда живго вихьизавизе херасул къаданиб мармар ганчIидаса хIалбихьараб занигичIван бухьизабиларищха Москваялде. Гьеб букIина инсуе чIвараб гуро, васас чIаго вугев жиндиего чIвараб зани. "Гьанив щив вукьун вугев? Пуланасул эмен..." абураб суалалъе жавабълъун.

ТIаде балагьараб жагьилаб халкъалъ абила, цIакъ лъикI нуха регIанин васас эмен абун. ХутIараб лъидаха лъалеб? Лъала, лъагIелаца херав кидадай вас вачIинаян валагьун вукIараб нуцIида, рукъалда, телефонал къачIалев васасда, жанибе трубка реххараб ящикалда ва тIаде къулун букIараб махил гьотIода. Гьездаги кIочена заманалдаса гьеб кIочаралги лъугьа-бахъинал рихьун.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*Сахлъи букIуна цIунизе лъарасул*

# РЕГА-РАХЪИНАЛЪУЛ, КВАНИЛ, ВАГЪА-ВАЧАРИЯЛЪУЛ НИЗАМ

## Цадахъ кванaзе рекъоларел тIагIамазул баян

ЦIибил гIакдал нахгун цадахъ кванаялъ черхалъе зарал гьабула. ЦIамгIалаб кванда хадуб бухIараб лъим гьекъей ва пихъ кванан хадуб цIороараб лъим гьекъей, ражиги перги цадахъ кванай кванирукъалъе заралияб буго, гьелъ инсан хвезецин рес буго. Рахьдаде тIаде цIекIаб жо кваналдасаги цIуне, щайгурелъул, гьелъ рахь бетизабула кванирукъалда жаниб ва кванирукъалъе кIудияб зарал гьабула. Тохтирзабазул цояс абуна: «Рахьгун цадахъ цIекIаб жо, чIах-хер ва ччугIа кванаге, гьелъ жузам (проказа) унти ккезабула». ЧчугIа хоноги кванаялъ гIемерал унтабазе сабаблъун ккола: барас (тIом чарлъулеб унти) жузам (тIом турун бортулеб унти), нукърус (суставал гьорой), гIусазул унти, ва геморрой гIадал. ЧчугIа, гIакдал нахгун кваналаро, гьелъ фалиж (паралич) ккезе рес буго.

Гьединго, кIиго тIабигIат релълъарал тIагIамал цадахъ кваналаро, масала, кIиябго бухIи тIабигIат бугел жал: гьанги хоноги гIадаб. Къаси сардилъ



гьуинаб лимон кванаялъ берал унтизарула. Сардилъ гIакдал нах гьекъеялъ беццлъизарула, тIипало (веснушки) базе гьабула. Сардилъ цIороараб лъим гьекъеялда даимлъиялъ берзул канлъи босула, гьединго, цIороараб лъим бетIералде тIеялъги, риидал бугониги. ГIемер ханал кванаялъ къерчI унтизабула ва кIодо гьабула. ХIижамат - фасду (би биччай) гьабун хадуб цIамгIалал жал яги цIамгIалаб ччугIа, гьан кванаялъ хъирис базабула. Цин-цин рахьгун хоно кванаялъги зарал гьабула.

Чехь лъама гьабулеб ва бакъвазабулеб, хехго биунеб ва биине бакIаб, бежараб ва белъараб, гьан ва ччугIа, бакъвараб гьан гIатIгоябгун, гьан ва рахь, хоно ва ччугIа - гьал киналго цадахъ кванaзе лъикIаб гьечIо. ПиринчIалда хадуб къанцIа гьекъезе, маш редискагун ва гIанкIудал гьангун кванaзеги лъикIаб гьечIо. (АхIкаму набаввият) Кванирукъалъе, черхалъе данде кколеб квана ла, данде кколареб - тела. ГIиял ургьисалаби гIемер кванаялъ кIващул понцIеро хвезабула ва гьенир ругьнал лъугьинарула. ЧчугIа кванан хадуб цIороараб лъеца чвердеялъ фалиж (паралич) ккезабула. ХIадисалда буго: **«Хинаб квен дару ва баракат бугеб буго, бухIараб квен жиндилъ баракат гьечIеб буго»**, - абун. БухIараб квен кванаялъ чорхол къуват загIип гьабула ва гьурмал кьер хисизабула. Гьединго, къойида жаниб кIиго нухалъ гьан кванаялъ ва лъикI чIамичIого кванаялъ рищалаби унтула, гьорола.

ГIемер пер кванаялъ (40 къоялъ) гьурмада тIипало бала. Белъараб хоно гIемер кванаялъ хIухьел къварид гьабула. Чечевица (тIипало) ва чIегIергьоло гIемер кванаялъ канлъи загIип гьабула ва рагIи бакIлъула. Кишмиш гIемер кванаялъ пикру роцIинабула ва балгъам (тулеб жо) дагь гьабула. ГIакдал нахгун гьоцIо кванаялъ хъегIи ва басур (геморой) инабула. Аварагасги (с.т.в.) гьукъун буго рахьги ччугIаги, къанцIаги рахьги, хасги (салат-латук) ччугIаги, ражиги перги, бакъваравги цIиябги гьан, цIекIабги бухIулебги, сумакъги (дагъ гьабулеб хер-сумах) къанцIаги, къанцIаги пиринчIги, гранатги гьарисатги (мугь белъинабураб жо) ва кIиго бухIи тIабигIат бугел ва кIиго цIорой тIабигIат бугел тIагIамал цадахъ кваналдасан. Гьединго, цIунила пахьул цIарагIалда жаниб сордо бараб къанцIа ва гIакдал нах хIалтIизабиялдаса ва лъим бахчичIого сардилъ теялдаса.

ХIадисалда буго: **«Нужеца цIарагI ва лъел хъаба бахче, лъагIалида жаниб цо сордо буго жинда жаниб ракьалде вабаъ рещтIунеб, кIалтIу бахчичIеб цIарагIалда жаниб гьелдасан цо бутIа рещтIуна»**, - ян. ГIиял гьанги гIакдал рахьги цадахъ кванани, барас унти ккола. Чакар гIемер кванаялъ берзул канлъи цIикIкIуна. ГIакдал нах гIемер кваналев чи сахлъи цIунаравлъун вукIуна ва загьруял жалаздаса черх цIунаравлъун вукIуна (хасго нилъер заманалда загьруял химикатал гIемераб). Ибну Масвайгьил (чIахIиял тохтурзабазул цояв) каламалдасан: Щив чи вугониги 40 къоялъ пер кванан ва гьурмада тIипало бан, гьес жиндаго гурони гIайиб чIваге; биги биччан хадуб цIамгIалаб жо кванарав, цинги жинда хъирис яги лишай барав чиясги жиндаго гурони гIайиб чIваге; ччугIаги хоноги цадахъ кванан фалиж ккарав яги кIал гьетIарас жиндаго гурони гIайиб чIваге; гIорцIизегIанги кванан хIамамалде лъугьун фалиж ккарав чиясги жиндаго гурони гIайиб чIваге. Гьединго, гьеб бакьазда унти ккеялъе сабабги буго.

Къаси вегилалде лимонги кванан беразда унти ккарас (берал гьетIи гIадаб), жиндаго гурони гIайиб чIваге. ЦIорорал ва релъарал ханал чехь цIезегIанги кванан астмаялъ унтарасги жиндаго гурони гIайиб чIваге. Макьилъги гуккун чвердечIого чIужуялда аскIове арав чиясги, цинги жиндие гIакълу гьечIеб лъимер гьабуни, жиндаго гурони гIайиб чIваге. Сардилъ матIуялъуве валагьун кIал гьетIи (унти) лъугьарав чиясги, жиндаго гурони гIайиб чIваге. (Атагъзияту филь ислам). Рехсарал жал цадахъ хIалтIизарулел ругони, рехсарал унтаби ккеялда хIинкъи буго. Гьединлъидал, гьелдаса цIунизе хIаракат бахъила.

## Вагъа-вачари

Щибаб квараб квандаса кигIан дагьаб букIаниги къадар заралияб жоялъул хутIула кванирукъалда жаниб. Цо хасал гIужаз вагъа-вачари гьабичIого рес гьечIо, гьел заралиял жал кванирукъалда данделъун чIечIого къватIир рачIинелъун. Гьенир гьел хутIиялъулъ кIудияб зарал буго. Гьединлъидал, гьоркьохъеб къагIидаялъ вагъа-вачари (спорт) сахлъи цIуниялъе бищун лъикIал сабабаздасан буго. Щайгурелъул, гьелъ лугби хинлъизарула, заралиял жал къватIие инарула ва черхалъе тIадагьлъи щола. Гьелъул гIужги кванирукъалдаса тIагIам биун гIодобе биччараб заман буго. Гьелъие къадарги (квен бихIиналъе) 5-6 сагIат букIуна. Гьоркьохъеблъун ккола – тIом багIарлъун гIетI кIанцIизе байбихьизегIан рагъа-рачари гьаби, цинги къотIизе тела. ГIемер гIетI чвахХизегIан гьаби гIорхъолъа ин ккола, гьеб беццараб гьечIо. Кинаб лага цIикIкIун багъаризе гьабуниги, гьелъул къуват цIикIкIуна.

Гьелдаго рекъон букIуна батIинаб рахьги, масала, хIифз (память), пагь-



му цIикIкIинабизе бокьани гьеб хIалтIизабизе ккола, рекIехъе жал лъазарун, зикру-пикру гIемер гьабун. Гьединго, каранзуй гIемер цIалдей лъикIаб буго, гьебги цин дагьаб гьаркьидалъун байбихьила, цинги дагьдагьккун борхизабила. Беразе зарядка гIисинаб хатI цIалиялдалъун гьабила. Чода рекIин кинабго черхалъего риязат (спорт) буго. Аварагасги (с.т.в.) нилъ гьелде ахIулел руго. ХIадисалда буго: **«Нужеца гъазават гьабе, нужее гьанима щвела. Нужеца сапар гьабе, нуж сахлъила»**, - ян (сапаралда жаниб черхалъе риязат буго).

## Макъуялъул тадбир

Сахлъи цIуниялъе сабабаздасан ккола макъуялъул тадбир гьабиги. Щайгурелъул, тIубанго кьижичIого чIеялъулъ, гIемер кьижиялъулъго гIадин, зарал буго. Гьединлъидал, гьелъул тадбир ва къагIида цIунизе ккола. ТIадегIанав Аллагьас къо бижун буго, инсанас гьелдасан пайда босун, магIишат тIалаб гьабизе, сордо бижун буго хIалхьи гьабизе ва кьижизе. Жакъа гIемерисез гьелъул гIаксалда гьабула ва Аллагьасго лъураб низам хвезабула. Гьелдеги кантIизе ккола. Кьижизе бищун лъикIаб буго кванирукъалъуса квен бихIун къадуб, ай, кванан вахъиндал кьижиларо. (АхIкаму набавият).

ХIадисалда буго: **«Нужеца квен бихIинабе Аллагь рехсеялдалъун ва какал раялдалъун. Кванaзеги кванан кьижуге, гьелъ нужер ракIал риццалъула»**, - ян. Вегилалде туалеталде ине лъикIаб буго. Афлатон абулев тохтурас хъвалеб буго: «Кьижелалде туалеталде унев чиясе жиндир черхалъул суратлъул берцинлъи даимлъула», - ян. Гьединго, вегиледе кверал чурила. ХIадисалада буго: **«Нужер цояс сордо рогьани кверазда гьанал асарги хутIун, цинги жиндие зарал ккани, гьес жиндаго гурони гIайиб чIвайге»**, -ян. Кванан хадуб 40 гали тIамичIого кьижугейиланги буго. Вегизеги байбихьизе лъикIаб буго кваранаб хьибилалда, Кьиблаялдеги вуссун. Авараг гьедин вегулаанин буго хIадисалда. Гьедин веги медицинаялдаги рекъола.

Масала, кваранаб хьибилалда вегидал, квен кванирукъалда жаниб берцинго чIола, щайгурелъул, кванирукъ кваранаб рахъалде гьетIараб букIун. Хадуб, дагьаб заманалдасан квегIаб хьибилалда вегила, квен хехго бихIуна тIул кванирукъалдехун гьетIиялъ. Хадубги, кваранаб рахъалде сверила, квен хехго къватIибе ине. Къад кьижи заралияб буго, гьелъ гьурмал кьер хисизабула, кIвахIаллъи ва унтаби тIаде цIала. Гьединлъидал, гьелдаса цIунизе рекьола, бакъ бухIулеб гIужалъ, ай къалъилалде цебе хутIун. Къалъилалде цеве кьижиялда абула къайлулат, гьебги суннатаб буго. ХIадисалда буго: **«Нужеца къайлулат гьабе, ай къад кьижа, хIакълъунго, шайтIаналъ гьеб гьабуларо»**, - ян. Цогидаб хIадисалда буго: «Къаси сардилъ рахъиналъе кумекалъе нужеца къайлулат гьабе», - ян. ХIадисалда буго цо чи вачIанила аварагасухъе (с.т.в.) ва абунила: «Я Бичасул авараг, жагьилияб заманалда, ай ислам босизегIан цебе, дун вукIана цIодоравлъун, исламалде вачIун хадуб дида дунго лъалев гьечIо, ай цIодорлъи гьечIо. Аварагас ﷺ абуна мун къад кьижулаанищилан? Кьижулаанин жаваб кьедал, аварагас ﷺ абуна: «Мун гьеб къад кьижиялде вусса», - ян. Рогьалил какда хадуб бакъ баккизегIан кьижиялъ ризкъи нахъчIвалиланги буго хIадисалда. Бащдаб къаркъала бакъукь, бащдаб рагIдукь букIунги кьижизе ва гIодов чIезе карагьатаб буго. Гьелдаса аварагасги (с.т.в.) нагъю гьабунилан, ай гьелдасан гьукъанилан Жабирица бицараб хIадис буго.

Бакъанил какдаса хадуб кьижиги карагьатаб буго. ГIайшатица (р.гI.) бицана: **«Бакъанил какдаса хадубги кьижун, жиндир гIакълу арав чияс жиндаго гурони гIайиб гьабуге»**, - ян. Боголил какда цеве кьижизеги карагьатаб буго. Аварагасе бокьулароан боголил какда цере кьижи ва хадуб хабар бицин. Амма, гIелму цIали, зикру бачин, хъизангун кIалъай карагьатаб гьечIо. КIалагъоркье кьижизеги лъикIаб гьечIо, хасго бихьиназе. Макъу бачIиндал, гьеб нахъчIваларо, макъу бачIунеб гьечIони, тIадеги цIаларо. ТIуванго сардилъ кьижунгутIиги лъикIаб гьечIо, гьелъ черх загIип гьабула, гIадал нахалъе зарал гьабула, кIвар, тирилъи инабула. (Тасгьилул манафигI).



Радал кьижун ватидал ибну ГIаббасица (р.гI.) жиндирго васасда абун буго: «Мун вахъа, Аллагьас дур берал кьижизе гьаругеяв, ризкъи бикулеб гIужалдайищ мун кьижулев? Дуда лъаларищ къад кьижи лъабго бутIаялда букIунеблъи: хулукъ – берцинаб тIабигIат, хурукъ - лъалареб жо гьаби ва хIумукъ - ахIмакъасул пиша. ТIоцебесеб, хулукъ – ккола къад кьижи (къайлулат), гьеб буго Бичасул аварагасул (с.т.в.) пиша- тIабигIат. КIиабилеб, радал кьижи, дунялалъул ва ахираталъул ишаздаса машгъул гьавулеб. АхIмакъасул кьижи абуни ккола, бакъанил какда хадуб кьижи», - ян. ХIадисалда буго радал кьижиялъ ризкъи нахъчIвалилан. ТIибалъул гIалимзабаз абуна гьеб кьижи, ай заралияб радал кьижи кколила макъидаса ворчIун хадуб, вахъинеги вахъун туалеталдеги инчIого, вагъа- вачариги гьабичIого ва кваначIого тIадвуссун кьижи. Гьеб сахлъиялъе цIакъ заралияб бугила.

*надзор*

# Прокуратура: аптека необоснованно завышает цены

**Прокуратурой района на поднадзорной территории проведена проверка исполнения законодательства, регулирующего оборот продовольственных товаров, лекарственных препаратов и медицинских изделий, а также ценообразование на них.**

Проведенной проверкой установлено, что аптечными учреждениями района допускаются нарушения требований Федерального закона от 12 апреля 2010 г. N 61-ФЗ "Об обращении лекарственных средств" и Постановления Республиканской службы по тарифам РД от 31.10.2014 № 43 «Об установлении предельных размеров оптовых и предельных размеров розничных надбавок к фактическим отпускным ценам производителей на жизненно необходимые и важнейшие лекарственные препараты в Республике Дагестан», а именно допускаются превышение максимальных розничных надбавок к фактической отпускной цене производителя.

Так индивидуальным предпринимателем Халиловой М.Г. лекарственные препараты, включенные в перечень жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов, реализовывались с превышением максимальных розничных надбавок.

В частности препарат «Сенаде – таблетки 25 блистеров по 20 шт.» реализовывался по цене 875 рублей при максимально допустимой – 585 рублей, «Терациклин мазь глазная 1%» реализовывался по цене 60 рублей при максимально допустимой – 55, 4 рублей, «Кагоцел – таблетки 10 шт. по 12 мг.» реализовывался по цене 280 рублей при максимально допустимой - 247,5 рублей.

Обществом с ограниченной ответственностью «Здоровье», осуществляющим розничную продажу лекарственных средств, также реализуются лекарственные препараты, включенные в перечень жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов, с превышением максимальных розничных надбавок.

Так препарат «Омепразол – капсулы 20 мг.» реализовывался по цене 30 рублей при максимально допустимой – 25,6 рублей, «Калия Йодид 200 мкг. йодида» реализовывался по цене 150 рублей при максимально допустимой – 107,8 рублей, «Тетрациклин – таблетки по 100 мг.» реализовывался по цене 80 рублей при максимально допустимой 76,2 рублей, «Терациклин мазь глазная 1%» реализовывался по цене 60 рублей при максимально допустимой – 41 рубль.

Распоряжением Правительства РФ от 26 декабря 2015 г. N 2724-р «Об утверждении перечня жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов для медицинского применения на 2016 год» утвержден перечень жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов для медицинского применения на 2016 год.

В силу ст. 63 Федерального закона от 12 апреля 2010 г. N 61-ФЗ "Об обращении лекарственных средств" органы исполнительной власти субъектов Российской Федерации устанавливают предельные размеры оптовых надбавок и предельные размеры розничных надбавок к фактическим отпускным ценам, установленным производителями лекарственных препаратов, на лекарственные препараты, включенные в перечень жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов.

Постановлением Республиканской службы по тарифам РД от 31.10.2014 № 43 «Об установлении предельных размеров оптовых и предельных размеров розничных надбавок к фактическим отпускным ценам производителей на жизненно необходимые и важнейшие лекарственные препараты в Республике Дагестан» установлены предельные оптовые и предельные розничные надбавки к фактическим отпускным ценам производителей на жизненно необходимые и важнейшие лекарственные препараты в Республике Дагестан.

Предельная розничная надбавка к фактической отпускной цене производителя до 50 руб. включительно не должна превышать 27 %, свыше 50 руб. до 500 руб. включительно не более 25 %, свыше 500 руб. не более 17 %.

По результатам проведенной проверки прокуратурой района в отношении ИП Халиловой М.Г. и руководителя ООО "Здоровье" Магомедовой З.Ш. возбуждены производства об административных правонарушениях, предусмотренных ч.1 ст. 14.6. КРФоАП..

**И.о. прокурора района**
**Георгий САСИЕВ**



**Согласно письму Министерства труда и социального развития РД от 24 марта 2016 года №14-08/2-12/1903/16 в службе занятости населения района установлен и функционирует версия 7.65 ПК «Катарсис» и Федеральная государственная информационная система Федеральной службы по труду и занятости, Портал работа в России.**

# ЦЗН Тляратинского района сообщает:

## *Информация гражданам ищущих работу*

Формирования и выгрузка информационных пакетов, содержащих сведения о свободных рабочих местах и вакантных должностях производится ежедневно, одновременно формируется и выгружаются КПУ, в которых указано значение «портал «Работа в России».

Портал установлен для того, чтобы помочь гражданам найти работу, а работодателям - работников. Портал работает так же, как и большинство коммерческих сайтов по поиску и подбору работы. Отличиями портала являются, бесплатность для пользователя; надежность контрагентов, отсутствие рекламы, поддержка со стороны органов государственной службы занятости населения. Вакансии и работодатели на портале подлежат тщательной проверке.

В портале имеются вакансии от центров занятости населения, проверяющие сведения, предоставляемые работодателями напрямую от самих работодателей, проверенных либо центрами занятости, либо с использованием средств криптографической защиты. При поиске вакансий лицо ищущее работу может, оставить резюме (чтобы работодатели могли найти Вас в базе при возникновении вакансии).

Лица ищущие работу района информированы о работе портала и его возможностях. Граждане ищущие работу в других регионах России имеет доступ к порталу работа в России, для этого выделен компьютер и отдельная интернет точка. Основной задачей работы портала является оказание государственных услуг в электронном виде в сфере занятости населения. Для оказания помощи лицам ищущих работу в портале работа в России в службе занятости имеется специалист прошедший обучение.

**Директор ГКУ РД ЦЗН в МО «Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р.**

*абиял*

— Къадарав гъудулас унтидал тола, лъикIав гъудулас хабал рагIалда гурони толаро.
— Къаденахъе мегIерги бегуге, бакъанида росуги тоге.
— Аллагь рехсоларесдаги хварав чиясдаяги гьоркьоб батIалъи гьечIебила.
— АскIоб бугеб чиллаялдаса рикIкIада бугеб чит берцинаб.
— Багьана батизе лъалареб кIалалъ гьереси бицунареб.
— Гьавудила-гIорцIила, гIодов чIела-вакъила.
— Гьан кколареб чу биче, рукъ кколарей чIужу йиччай.
— Гьобол гIемерасул гIумру берцинаб.
— Бечелъиялъ гIумру кьола, язихълъиялъ гIажал кьола.
— ГIи цIунизе бацI тоге, яс цIунизе вас тоге.
— ГIилла гьечIеб жо гьечIеб, гIайиб гьечIев чи гьечIев.
— Жиндирго къвачIа баччуларес чияр гьир баччулареб.
— Намусалъе нугI хIажалъуларебила.
— Наги тIутIги цадахъ хIалтIуларел.
— Мухь гуреб жо кьун, вехь гурев чи тоге.
— Рахь баккулареб гIакдае чури кьоге.
— ЧIараб гьабица гIатI ххунареб.
— Хъизаналъул гьуинлъи-рукъалъул хазина.
— ЦIар хисунилан, гъадил цIум лъугьунареб.
— ЦIам гьечIеб хоно, ражи гьечIеб хинкI.
—Дица-ГIашурада, ГIашураца-гIаламалда.
— Бечедай ячани, хъарцинлъулевила.
— Вакъарасул лъорове вугьарав лъугьаравила.
— ГIелму бугев гIабдалги вукIунев, гIакълу бугев жагьилги ватулев.
— ГIелалъ гIел ккола, кьералъ кьер ккола.
— ГIелму цIали-бигьаяб жо, гIадан лъугьин-захIматаб жо.
— МоцI нилъехъан бугони, цIвабзазул хIал кколаро.

*нильер табигIат*

**Гуржиязулгун гIорхъода**



**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 15.05.2016
Заказ ____________